

COVID-19: Prevansyon Anpwazonman ak Sekirite avèk Medikman — Pwoteje Tèt Ou Pandan W Rete Lakay Ou

Pandan n ap pase tan lakay avèk plis moun, plis pwodui netwayaj ak plis medikaman, li enpòtan pou w konnen kijan pou w pwoteje fanmi w. Konsèy ki annapre yo kapab ede.

Kijan mwen kapab konsève ak sèvi ak pwodui netwayaj pou kay san danje?

- **Konsève pwodui netwayaj yo san danje:** Konsève manje ak pwodui ki pa alimantè separeman lakay ou. Kenbe etikèt ki vini ak pwodi a sou veso a entak. Sèvi avèk veso timoun pa kapab ouvè depi sa posib epi verifye yo byen fèmen. Pou jwenn plis konsèy ale sou nyc.gov/health epi chèche "**poison proof your home**" (pwoteje lakay ou kont pwazon).
- **Sèvi ak pwodui netwayaj yo san danje:** Lè w sèvi avèk yo kòrèkteman, klowòks ak lòt pwodui netwayaj itil pou anpeche mikwòb yo simaye. Sèvi avèk yon sèl pwodui netwayaj alafwa. Lè w mele pwodui netwayaj, tankou amonya ak klowòks, sa kreye yon gaz ki se pwazon. Ouvè yon fenèt depi sa posib pou kite lè sikile.
- **Fè atansyon avèk dezenfektan pou men:** Dezenfektan pou men gen dwa difisil pou jwenn nan magazen kounye a. Nou pa rekòmande fè dezenfektan pou men lakay poutèt, si li pa fèt byen, li gen dwa pa bay rezilta nan kontwòl ak prevansyon enfeksyon. Anplis de sa, dezenfektan pou men ki mal fèt kapab donmaje po w. Lè w vale yon dezenfektan pou men a baz alkòl ak lè w sèvi avèk dezenfektan pou men yon fason lokalize twòp, sitou pou timoun, sa kapab danjre tou. Si w sèvi avèk dezenfektan pou men yon fason lokalize sou men w sèlman jan sa abitye fèt la sa pa ta dwe bay pwoblèm.

Kijan mwen kapab konsève, pran, jere ak jete medikaman san danje?

- **Konsève medikaman yo san danje:** Kenbe medikaman yo nan yon bifèt fèmen a kle oswa nan yon bwat medikaman fèmen a kle. Pa janm kenbe ni vitamin ni medikaman sou tab kizin ni sou ankenn lòt sifas kote yo fasil pou pran. Sèvi avèk veso timoun pa kapab ouvè. Verifye boutèy la byen fèmen.
- **Pran dòz medikaman yo san danje:** Toujou sèvi avèk enstriman pou doze a (paregzanp, kontgout, sereng oswa goblè) ki vini avèk medikaman an. Pa janm sèvi avèk kiyè kizin pou bay timoun dòz medikaman. Lè se plizyè medikaman ki sèvi pou trete sentòm yo, li enpòtan pou suiv ki lè ak ki kantite ou bay. Yon jounal kominikasyon sou medikaman oswa yon lis kapab ede anpeche bay medikaman de fwa. Afiche li yon kote tout moun k ap bay swen yo kapab wè li fasilman epi ki montre ki lè yo bay medikaman yo pandan tout jounen an.
- **Pran medikaman yo san danje:** Si w ap pran oswa bay medikaman, sonje gen anpil pwodui pou trete lafyèv ak sentòm lagrip ki gen menm engredyan aktif la. Suiv dòz ki

rekòmmande a sou etikèt medikaman an. Verifye avèk Sant Kontwòl Pwazon (Poison Control Center) Vil New York la (New York City, NYC) pou sèten ou p ap pran twòp nan yon oswa plizyè pwodui ki gen menm engredyan aktif la.

- **Jere medikaman w yo san danje:** Sèvi avèk yon lis medikaman pou suiv medikaman sou òdinans ou yo ak sa ki pa sou òdonans, sa gen ladan pwodui a baz plant, vitamin ak sipleman.
- **Poze kesyon sou medikaman yo:** Verifye avèk Sant Kontwòl Pwazon NYC a pou poze kesyon sou efè medikaman yo youn sou lòt, efè segondè yo, ak dòz kòrèk yo. Pou jwenn plis enfòmasyon epi telechaje lis ak jounal medikaman an ale sou nyc.gov/health epi chèche "**medicine safety**" (sekirite nan zafè medikaman). Gen resous disponib nan lang angle, panyòl, chinwa, ris, kreyòl ayisyen ak koreyen.
- **Jete medikaman w yo san danje:** Pou jete medikaman yo, mele yo ak dlo epi ajoute tè pou chat, ma kafe oswa lòt sibstans endezirab pou evite move itilizasyon ekspres oswa san fè ekspres medikaman yo. Mete tout medikaman yo nan yon veso ki kapab sele epi sele li ak tep solid. Jete medikaman yo lepli pre posib jou ranmasaj fatra w lan pou evite move itilizasyon.

Fè atansyon ak fo enfòmasyon oswa enfòmasyon danjre "anti-COVID-19"

- Move enfòmasyon ak move konpreyansyon mennen itilizasyon danjre pwodui ak medikaman moun te fè erè panse yo anpeche COVID-19 epi ki olye de sa vin lakòz maladi grav ak menm lanmò.
- Suiv enstriksyon pwofesyonèl medikal ou a sèlman sou kijan pou w trete nenpòt ki sentòm COVID-19.
- Distans sosyal (fizik) ak lave men souvan se sèl mezi prevansyon ki apwouve kounye a pou COVID-19.
- Pa bwè klowòks dilye. Sa kapab donmaje bouch ou, gòj ou ak lestonmak ou epi sa p ap ni trete ki anpeche COVID-19.

Rele Sant Kontwòl Pwazon NYC a nan 212-764-7667. Gen famasyon ak enfimye/enfimyè otorize ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou reponn kesyon sou itilizasyon san danje pwodui, medikaman ak tout lòt pwazon posib. Tout apèl yo konfidansyèl epi gratis. Gen sèvis entèpretasyon ki disponib.

Pou aprann plis, vizite nyc.gov/health epi chèche "**Poison Control**" (Kontwòl Pwazon).

Pou enfòmasyon jeneral sou COVID-19, sa gen ladan fason pou pwoteje tèt ou kont estigma, vizite nyc.gov/coronavirus oswa cdc.gov/covid19.

Depatman Sante Vil New York (NYC Health Department) gen dwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolue.

3.31.20